



Office of the Superintendent

Dr. Brenda Cassellius, Superintendent
Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street, 5th Floor
Roxbury, Massachusetts 02119

617-635-9050

superintendent@bostonpublicschools.org
www.bostonpublicschools.org

9 oktòb, 2020

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston,

Mwen ekri nou pou m enfòme n sou yon mizajou enpòtan konsènan 'lekòl konkou antre' Lekòl Piblik Boston yo (BPS).

Twa lekòl konkou antre Lekòl Piblik Boston yo se: Boston Latin Academy, Boston Latin School, ak John D. O' Bryant School of Mathematics and Science. Tout lekòl yo sèvi elèv ki nan klas 7yèm jiska 12yèm ane. Pwosesis admisyon an ouvè a tout elèv ki nan klas 6yèm, 8yèm, ak 9yèm ane (9yèm ane pou lekòl O'Bryant lan sèlman); elèv 6yèm, 8yèm, ak 9yèm ane sila yo enkli elèv ki pa enskri nan yon lekòl BPS nan moman sa a.

2 jiyè, 2020, BPS te anonse evalyasyon Kwasans Mezi Pwogrè Akademik (MAP) NWEA la kòm nouvo egzamen antre pou lekòl konkou antre Boston yo. Akoz gwo enpak pandemi COVID-19 la genyen sou elèv yo ak fanmi yo, BPS te lanse yon [Gwoup Travay pou pran swen Kritè Admisyon Lekòl Konkou Antre yo](#), ki genyen ladan I kèk ansyen dirijan lekòl ak kèk dirijan lekòl aktyèl, paran, lidè dwa sivil, ansanm ak kèk ansyen elèv lekòl konkou antre yo. Gwoup la te travay ansanm pandan dènye de (2) mwa ki sot pase yo pou yo te ban m yon rekòmandasyon konsènan regleman aktyèl yo pou admisyon nan lekòl konkou antre yo, ki egzije yon egzamen antre, ansanm ak nòt elèv yo fè nan lekòl yo. Nenpòt chanjman ki ta fèt nan pwosesis admisyon an t ap an vigè pou elèv sila yo k ap fè demann pou yo antre nan lekòl konkou antre yo an septanm 2021.

Yèswa, Gwoup Travay la [te prezante rekòmandasyon li](#) bay Komite Skolè Boston an. Gwoup la rekòmande pou BPS mete yon kanpe nan egzamen antre a pou ane skolè 2021-2022 a, epi itilize pwosesis suivan an de preferans:

- Identifeye elèv ki pou fè pati gwoup kandida yo sou baz nòt yo te fè nan kanè presedan yo nan matyè gramè ak literati angle ak matematik, osinon sou baz kèk rezulta evalyasyon yo te fè oparavan. Tout nòt yo ak rezulta evalyasyon yo ta kab reflete rannman yon elèv avan pandemi COVID-19 la ak fèmti lekòl yo, e sa t ap mande pou distri skolè a (osinon yon lòt otorite parèy) founi yon verifikasyon ki montre ke elèv la ap bay rannman ki sou nivo klas li, selon standa (nòm) Pwogram Etid Massachusetts yo.
- Distribye envitasyon bay elèv yo sou baz nòt yo te fè nan kanè presedan yo ak sou baz kòd postal yo, pou n onore chwa fanmi yo.
 - 20 pouzan nan plas chak lekòl konkou antre yo rezève pou elèv ki klase pi wo nan vil la selon mwayèn nòt jeneral yo (GPA yo).
 - Rès 80 pouzan envitasyon yo ap distribye selon yon konbinezon GPA (mwayèn jeneral) ak kòd postal elèv yo.

BPS ap bay fanmi yo yon lòt mizajou konsènan regleman admisyon yo ak dat yo aprè vòt Komite Skolè a sou rekòmandasyon an, ki pwograme pou l fèt mèkredi, 21 oktòb. Si w genyen kèk kesyon, tanpri kontakte Sèvis Dakèy la nan adrès imel: exam@bostonpublicschools.org.



Mèsi lefètke w chwazi Lekòl Biblik Boston, e mèsi pou sipò w nan èd ou ban nou pou n kapab founi bonjan kalite edikasyon bay pitit ou a ak elèv nou yo.

Mwen swete w meyè ve m,

Brenda Cassellius

Doktè Brenda Cassellius
Sipètentandan